

Liy Sèvis ki Fèt ak Plon

Si ou genyen yon liy sèvis ki fèt ak plon, plon an kapab antre nan dlo w ap bwè a.

Plon nan dlo potab kapab nuizib pou sante ou. Plon an danjere pou moun tout laj, men li sitou danjere pou fanm ansent ak timoun piti ki gen mwens pase 6 lane yo.

Èske mwen gen yon Liy Sèvis ki Fèt ak Plon?

Yon liy sèvis se tiyo ki konekte yon kay ak kanalizasyon dlo ki atè nan lari a. Kay yo te bati anvan ane 1986 yo gen plis chans pou yo genyen yon liy sèvis ki fèt ak plon.

Tiyo ki fèt ak plon yo gen yon koulè gri ki pa briyan epi lè w grate l, li kite yon mak ajante. Ou kapab jwenn liy sèvis ou a kote li antre nan sousòl la, konekte ak kontè dlo a epi ak vav pou fèmen dlo ki soti nan kanalizasyon an.

5 Konsèy pou Pwoteje Fanmi Ou kont Plon

1. Anvan w itilize dlo tiyo pou w bwè oswa fè manje, fè dlo frèt koule pandan 1 a 2 minit.
2. Itilize dlo frèt pou w bwè, fè manje, epi pou w fè lèt pou tibebe.
3. Itilize yon filtè dlo. Yo sètifye filtè Fondasyon Nasyonal Asenisman (National Sanitation Foundation, NSF) yo kòm filtè pou elimine plon si yo make Nòm NSF/ANSI 53 oswa 58 sou pake a. Ranplase filtè ki anndan yo selon enstriksyon yo.
4. Bay fanmi ou bon manje ki gen anpil fè, kalsyòm ak vitamin C. Yon vant ki plen ralanti absòpsyon plon an.
5. Pwograme yon tès plon nan san pou pitit ou a. Asirans peye pou tès plon nan san. Tès sa yo obligatwa pou timoun lè yo gen ant 9 ak 12 mwa, 2, 3 ak 4 lane.

Rele Depatman Sèvis Piblik Dlo Vil Malden lan nan 781-397-7040 oswa voye yon imèl nan leadinfo@cityofmalden.org

- Mande pou yo fè yon tès gratis pou yo wè si dlo w ap bwè a gen plon.
- Mande yo yon randevou gratis pou idantifye materyèl liy sèvis ou a.

Oswa ou kapab verifye liy sèvis ou a poukont ou. Eskane kòd QR ki anba a pou w jwenn enstriksyon yo.

